

Enfliyenza (Grip)

Fich Enfòmasyon



Se yon viris grip ki enfekte nen, gòj ak poumon ki lakoz «grip» yo souvan rele Enfliyenza a. Grip la ka lakoz maladi grav ak konplikasyon ki ka menm koze lanmò kèk moun.



Grip la pwopaje soti nan yon moun pou ale nan yon lòt, an jeneral lè w touse oswa lè w estène. Li posib pou w atrape grip la lè w manyen yon sifas ki te genyen viris grip la sou li, epi annapre ou manyen bouch ou oswa nen w.

Sentom Ki Komen Yo



Fyèv



Tous ki sèk



Gòj Fè mal



Tèt Fè mal



Kò Fè Mal Ak Doulè Nan Misk yo



Yon Sansasyon Gwo Fatig

Sentom grip yo gen ladan yo fyèv, tous ki sèk, gòj fè mal, tèt fè mal, kò fè mal ak doulè nan misk yo, nen koule oswa nen bouche ansanm ak yon sansasyon gwo fatig. Timoun yo ka gen lòt sentom tankou kè plen, vomisman, ak dyare. An jeneral sentom yo kòmanse soti yon jou pou rive kat jou apre moun nan te ekspoze, avèk yon dire 2 jou an mwayèn.



Pale ak doktè w si w panse ou gen grip. Yo ka sèvi ak medikaman ki konbat viris yo kòm yon opsyon pou tretman an epi yo bay pi bon rezilta lè yo kòmanse itilize yo nan 2 premye jou apre sentòm maladi a parèt.

Fè Prevansyon Kont Grip


CDC Maine rekòmande yon apwòch«san Grip pou ou»:



Pran vaksen pou grip yon fwa pa ane



Lave men w yo avèk savon ak dlo



Rete lakay ou lè w malad



Kouvri Bouch Ou

1. Pran Vaksen Kont Grip Chak Ane

- Se pi bon fason pou w pwoteje tèt ou kont grip.
- Ou pwoteje kont viris grip la apre anviwon de semèn soti nan dat ou te fin resevwa vaksen an.
- Gen anpil souch viris grip la epi yo ka chanje chak ane. Se pou rezon sa a ki fè li enpòtan pou w pran vaksen kont grip la chak ane.

2. Lave Men w Yo

- Viris grip la ka viv sou yon sifas ki solid pou anviwon de pou rive uit èdtan.

3. Rete Lakay Ou Lè W Malad

- Pifò granmoun ki an bòn sante ka kontamine lòt moun soti yon jou anvan sentom yo kòmanse pou rive senk jou annapre.

4. Kouvri Bouch Ou

- Ti gout krache ki soti lè yon moun ki gripe ap touse oswa estène ka ateri sou bouch oswa nen lòt moun.

Nouvo Grip





- Yo rele nouvo grip tout souch grip ki diferan ak viris grip sezonye ki enfekte moun.
- Nòmalman nouvo viris grip la pa enfekte moun, men gen kèk ka izole kote konn gen enfeksyon sou moun.
- Nouvo grip la pwopaje soti nan bèt pou ale sou moun. Pifò ka nouvo grip la rive nan kontak avèk kochon oswa zwazo.
- Sentom nouvo grip yo sanbe ak sentom grip sezonye yo, men li konn mache ak pwoblèm iritasyon nan je.

Pou Plis Enfòmasyon, Vizite:



1. www.maineflu.gov
2. www.cdc.gov/flu

Ou ka rele CDC Maine tou nan 1-800-821-5821.

Senbòl ki soti nan www.flaticon.com